*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 25 (25754)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 11 феврал — æртхъирæны мæйы 11 бон, сабат    Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ТРАНСПОРТЫ ЛÆГГÆДТÆ
*Ног автобустæ, ног маршруттæ*

3 ÆЛУТОН
*Тематикон фарс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Национ проекттæ**

## Ахуырады "Рæзты тæлмытæ" – республикæйы

**2024 азы кæронмæ Цæгат Ирыстоны кусын райдайдзысты уæлæмхасæн ахуырады 140 ног центры. Ахæм "Рæзты тæлмытæ" регионы арæзт цæуынц сæрмагонд федералон проект "Ныръккон скъола"-йы фæлгæты.**

Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фæстаг цалдæр азы дæргъы нæ республикæйы скъолаты бындурыл æнтыстджын куыст кæнынц уæлæмхасæн ахуырады 81 "Рæзты тæлм"-ы. Уыцы центрты специалисттæ скъоладзаутæн уæлæмхасæн зонындзинæдтæ дæттынц биологийæ, химийæ, физикæ æмæ æндæр предметтæй. Уымæй уæлдай, уыцы центрты скъоладзаутæн ис иртасæн куыстытæ кæныны æмæ æндæр инновацион ахуырадон проектты архайыны фадат.




"Рæзты тæлмыты" архайды сæйрагдæр нысантæй иу у рæзгæ фæлтæры сфæлдыстадон æмæ ахуырадон хъомыс рæргом кæнын.

**Нæ уацхæссæг**

**Бындурæвæрæн конференци**

# "Уæрæсейы культурæйы фронт"-ы хайад – Цæгат Ирыстоны



Знон Дзæуджыхъæуы уыд дзыллон æхсæнадон змæлд "Уæрæсейы культурæйы фронт"-ы цæгатирыстойнаг хайады бындурæвæрæн конференци. Æмбырды архайдтой Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ "Уæрæсейы культурæйы фронт"-ы сæрдар, зындгонд актер æмæ æхсæнадон архайæг Николай БУРЛЯЕВ.

Ног æхсæнадон змæлдæн бындур æвæрд æрцыд, 2022 азы 21 ноябры УФ-йы Паддзахадон Думæйы цы уæрæх æмбырд уыд, уым. Уыцы организацион æмбырды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй ног æппæтуæрæсеон змæлд расидыны нысантæ сты культурæ, ахуырад, рухсад, сфæлдыстадон цæдисты, æхсæнадон организацитæ æмæ дины иугæндты уæнгты æрбангом кæнын не стыр Фыдыбæстæйы дарддæры æнæфæцудгæ райрæзты сæраппонд. Уымæй уæлдай, ног æхсæнадон иугонды уæнгтæ æппæт фадæттæй бакусдзысты Уæрæсейы культурон-удварнон традицитæ бахъахъхъæнынл, æрыгон æмæ рæзгæ фæлтæрты минæвæртты патриотизм æмæ Райгуырæн бæстæйыл æнувыддзинады идеятыл æфтауынл.

Уыцы æмбырды ног æхсæнадон организацийы сæрдарæй равзæрстой Уæрæсейы адæмон артист, УФ-йы Паддзахадон Думæйы Граждайнаг æхсæнады райрæзты, æхсæнадон æмæ дины организацийы фарстаты фæдыл комитеты сæрдары фыццаг хæдивæг Николай Бурляевы.

Ныртæккæ та ног æппæтуæрæсеон змæлды дæлхайæдтæ арæзт цæуынц регионты. Знон ахæм бындурæвæрæн æмбырд сарæзтой Дзæуджыхъæуы дæр. Архайдтой дзы республикæйы æхсæнадон организацитæ æмæ хицаудзинады оргæнты минæвæрттæ. Уыимæ, æмбырд бацæттæ кæныны фæдыл организацион комитеты куыд фехъусын кодтой, афтæмæй, ног æхсæнадон змæлдæн бындур æвæрд кæм æрцыд, уыцы регионтæн сæ фыццæгтæй иу сси Цæгат Ирыстон.

Бындурæвæрæн конференцийы архайджыты раз раныхас кодтой Сергей Меняйло, Николай Бурляев æмæ иннæтæ.

"Уæрæсейы культурæйы фронт"-ы регионалон хайады архайды фæндæгтæ фæбæрæг кæнгæйæ, конференцийы архайджытæ равзæрстой ног змæлды разамонæг оргæнтæ. Афтæ, "Уæрæсейы культурæйы фронт"-ы республикон хайады æмсæрдартæй æвзæрст æрцыдысты Дзæуджыхъæу æмæ Аланыстоны архиепископ **Герасим**, Цæгат Ирыстоны Пысылмæтты удварны управленийы разамонæг **Гуæцæлты Хадзымурат**, Уæрæсейы адæмон артисткæ **Гергиты Ларисæ**, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ректор **Огъуаты Алан** æмæ Уырыссаг академион театры аивадон разамонæг **Владимир Уваров**.

Уымæй уæлдай, æвзæрст æрцыдысты змæлды регионалон хайады советы иннæ уæнгтæ дæр.

**КАЛМАНТЫ Аслан,**
**къам systa**
**ХЪÆЙЫРТЫ Дианæ**

## "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ




**МУЗАТЫ Важа — Дзæуджыхъæуы 25-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, Уæрæсейы Федерацийы ахуырады кадджын кусæг.**

*БАФÆЗМ ÆЙ!*

**Рæстæгмæ æхгæд сты**

## Карантины уаг

**Цæгат Ирыстоны грипп æмæ улæфæнты низтæй рынчын адæмы нымæц эпидемиологон къæпхæнæй фылдæр кæй у, уый нымайгæйæ, регионы 22 ахуыргæнæндоны карантинон уагæй æхгæд сты.**

**Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ.**

**Зæгъæм, 205 республикон скъолайæ 7 скъолайы рæстæгмæ æхгæд сты, 211 рæвдауæндонæй та 15 рæвдауæндоны иуцасдæр рæстæг нæ кусдзысты. Уымæй уæлдай, скъолаты 48 къласы æмæ рæвдауæндæтты 28 къорды расидтысты карантин.**

**Олег АПРЕЛЕВ**

**Ахуыргонды кадæн**

# Дунеон зонадон бакастытæ

**Уæрæсейы Зонады Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты цы мадзæлттæ цæуынц, уыдонæн сæ ахсджиагдæр сты, Гуыриаты Тамерланы номыл ныр æхсæзæм хатт чи ацыд, уыцы дунеон зонадон бакастытæ.**



2023 аз Ирыстоны бæрæггонд у, куыд ирон Нартиадæйы азыл. Суанг фæсарæнты дæр Гуыриаты Тамерланы зонынц Нарты кадджытæ иртасæгæй.

Базыдтой йæ, куыд арф зонындзинæдтæ æмæ "æххæст зонадон æмбарынады хицау чи у, ахæм ахуыргондæй".

Зындгонд ахуыргонд-æвзагиртасæг æмæ æхсæнадон архайæг, филологон зонæдты доктор, профессор, Уæрæсейы зонæдты сгуыхт архайæг стыр æргом æздæхта ныръккон Кавказ иртасыны куыстмæ: йæ историмæ, этнологи æмæ антропологимæ, фольклор, æвзагзонынад æмæ литературæмæ. Иттæг хорз зыдта ирайнаг, славянаг, рагон индийаг æвзаг — санскрит, англисаг æмæ францаг æвзæгтæ. Бантыст ын 280 бирæвæрсыг куыстæй фылдæр рауадзын, уыдонимæ, "Ирон Нарты кадджыты ономастикæйы фарстытæ" æмæ "Эпосы ономастикæ ахуыр кæныны методикæ".

Уæхскуæзæй бакуыста алыхуызон дзырдуæттæ рауадзыныл.

Йæ раныхасы филологон зонæдты кандидат, журналистикæйы кафедрæйы доцент, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барис** бæстон æрдзырдта Тамерлан — лексикографы архайды тыххæй. Уый комкоммæ баст уыд дзырдуæттæ аразын æмæ сæ иртасынимæ, дзырдты арæзт æмæ хицæндзинæдты, сæ нысаниуæджы фарстатимæ. Журналисттæ сæ куысты арæх сæмбæлынц дзырд раст ратæлмац кæныны фарстимæ. Уымæн стыр ахъаз фæуыдзæн дыууæрдæм тæлмацы дзырдуат. Ныридæгæн ыл цæуы куыст. Фæсидт мадзалы архайджытæм, цæмæй се ‘ххуысы хай бахæссой ацы хъуыддагмæ.

Ахуыргæндтæ йæ номыл кастысты докладтæ. Зонадон куыст чи кæны, уыцы æрыгон фæлтæры минæвæрттæ бæстонæй æрныхас кодтой æвзагзонынад, фольклор æмæ литературæ иртасыны фарстатыл.

Кæронбæттæны наукон-иртасæн институты библиотекæйы ацыд Иранистикæйы центры презентаци.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къам systa**
**ХЪÆЙЫРТЫ Дианæ**

**Æхсæнад**

## Регионалон бæрæгбон

**Цæгат Ирыстоны сфидар кодтой ног регионалон бæрæгбон — Æвзарæн системæйы кусæджы бон.**

Республикæйы Сæргълæууæджы Указмæ гæсгæ, 19 октябр нымад уыдзæн амынд бæрæгбоныл.

"1993 азы амынд бон сарæзтой Цæгат Ирыстоны Автономон Советон Социалистон Республикæйы Центрон æвзарæн къамис æмæ афтæмæй

| ОКТЯБРЬ | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
| | | | | | | 1 |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 30 | 31 | | | | | |

нæ республикæйы æвзарæн системæ рæзын байдыдта", — фыст ис Центрон æвзарæн къамисы телеграм-каналы.

Ныртæккæ Цæгат Ирыстоны æвзарæн системæйы чи фæллой кæны, уыцы 3500 адæймаджы фадæттæ аразынц 346 æвзарæн къамисы куыстæн.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн



**Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**АЛЫ ИРОН ХÆДЗАРÆН ДÆР — ГАЗЕТ "РÆСТДЗИНАД"!**

***Редакци***

## Дзырды фарн

*Бинонты цард саразын алкæмæндæр йæхи хъуыддаг у.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **11 февралы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2 градусы уазалæй — 3 градусы онг хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **0-2 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 10,24

**Хурыскаст** — 07,02
**Хурныгуылд** — 17,26

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 73,12 ↑
**Евро** — 78,11 ↓

12+

Ахсджиаг ныхас

# Размæдзыддæр проекттæ — царды

**Размæдзыд проекттæ царды куыд æнтысынц, ууыл ныхас рауад видеобастдзинады фæрцы конд æмбырды. Амыдта йæ Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ. Цæгат Ирыстоны номæй æмбырды архайдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**



Æппæт уыцы ахсджиаг проекттæ хаст æрцыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды экономикон рæзты хуызмæ. Сергей Назаров фæсидт, цæмæй регионты разамонджытæ графикмæ, проектты ахсджиаг фæзилæнтæм сæ хъус дарой. Цæгат Ирыстон 2030 азмæ цавæр экономикон рæзты фæндагыл ацæудзæн, уый тыххæй радзырдта Дзанайты Барис.

"Мах 5 размæдзыд проекты царды уадзæм, уырдæм бахастам 11 дæлпроекты, сæ иумæйаг аргъ у 64 миллиард сомы. Уыдоны фæрцы нæм фæзындзæн 7,5 мин ног кусæн бынаты. Нырмæ уал 20 миллиард сомы хъуыддæгты бавæрдтам, фæзынд нæм 600 ног кусæн бынаты. Алы проект дæр баст у ахсджиаг къабазимæ, æмхуызонæй нын хъæугæ æмæ ахадгæ сты. Куыд æнтысынц, уымæ æппынæдзух республикæйы разамынд йæ хъус дары", — загъта Хицауады Сæрдар.

Уый бæстон радзырдта алы хицæн проекты тыххæй дæр. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** 2021 азы ноябры Уæрæсейы Хицауадмæ балæвæрдта Цæгат Ирыстоны экономикон рæзты хуыз. Уым бæлвырдгонд æрцыдысты ахæм ахсджиаг нысантæ: республикæйы агропромышленнон комплексы, туризмы, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, транспорт æмæ логистикæйы арæзтад.

Агропромышленнон комплексы арæзтадмæ бахастой 5 егъау объекты, уыдоны фæрцы къабаз размæ рацæудзæн. Уыдонимæ сты фæткъуыты цæхæрадон ныссадзын æмæ дыргъæфснайæнтæ саразын. "Казачий хутор" хъуыддæгтыл кусы, сарæзтой куыстадон цех æмæ 50 мин тоннæйы фаг дыргъæфснайæн. Хъæрмуатон комплекс "Алани"-йæн радих кодтой зæххы хай, нырмæ уал проектыхæрдзты гæххæттытыл кусынц.

Агро-эко-туристон парк "Земля Осетии"-мæ гæсгæ хъуамæ 6 цæрæнуатон объекты саразой 50 адæймагæн. Йæ фæзуат ахсы 20 гектары, сарæзтой уал дзы базарадон центр, дегустацигæнæн зал. Ныртæккæ архайынц ифтонггæрзтæ балхæнынил. Ацы аз райдайдзысты "Алани-æхсыр"-ы агрохолдинг аразын, хъуамæ фæзыной 5,6 мин сæры фаг æхсырытоварон фермæтæ.

Ног туристон бынæттæ фæзынины проект конд у дыууæ дæлпроектæй. "Алани-парк" саразыны тыххæй балхæдтой ифтонггæрзтæ, фæндаджы инфраструктурæ арæзт æрцыд, ауындзгæ фæндаджы арæзтадон-монтажгæнæн, фæлгæсæн цалхы, лыжæтыл бырæн трассæйы куыстытæ кæнынц. Электрон тыхы телтæ, газы хæтæлтæ уадзынц. "Къæхтысæр"-ы нырмæ сарæзтой фæндаджы иу хай, дыккагæн йæ проект цæттæ кæнынц.

Балергæсаг дарыны проект дæр нымад у размæдзыддæрыл, зæххы хай йын радих кодтой. Проектыл куыст цæуы. "Мамысон"-ы проект дæр республикæйы экономикон рæзтыл фæбæрæг уыдзæн. Хъуамæ дзы фæзына дыууæ ауындзгæ фæндаджы, хæххон лыжæтыл бырæн трассæ, сноупаркы комплекс æмæ 700 æрлæууæн бынæты машинæтæн. Фæндаджы тъунел рацарæзты фæстæ скуыста, фæндаджы дыууæ хайыл куыст цæуы.

Транспортон-логистикон комплекс ахсы дыууæ проекты. Сæ иу — аэровагзалон комплекс "Дзæуджыхъæу" арæзт æрцыд, иннæмæ гæсгæ хъуамæ саразой индустриалон-логистикон парк "Алани"

**БУТАТЫ Эльзæ**

Барад

## Паддзахадон бадзырд æмæ цæстфæливæн митæ

**Цæгат Ирыстоны Прокуратурæйы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодтой, арæзтадон компанитæй иуы директоры ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл.**

Компанийы разамонæджы азымджын кæнынц УФ-йы Уголовон кодексы 159-æм статьяйы 3-æм хайы ("Куысты бынатæй спайда кæнгæйæ, цæстфæливæн митæ стыр бæрцытæй саразын") бындурыл.

Слестгæнджыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, амынд арæзтадон организаци паддзахадон бадзырдтæ бафыста Сунжæйы хъæуы Культурæйы хæдзар æмæ Дигорайы аивæдты скъолайы цалцæджы, стæй Сунжæ æмæ Æрхонкæйы æхсæнадон фæлладуадзæн бынæтты рацарæзты фæдыл.



Фæстæдæр подрядчик заказгæнæг организацимæ æппæт куыстыты æргъты тыххæй цы гæххæттытæ балæвæрдта, уыдонмæ бахаста мæнг бæрæггæнæнтæ (ома, арæзтадон æрмæджыты æргъ тыл зынгæ бафтыдта). Уымæй уæлдай, паддзахадон бадзырды бындурыл цы арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæ хъуамæ бакодтаид, уыдоны иу хай æххæстгонд не 'рцыд.

Ахæм архайды азарæй РЦИ-Аланийы Бындурон арæзтады управленийæн рачындæуыд 500 мин сомæй фылдæры аргъ финансон зиан.

Ныр уголовон хъуыддагмæ æркæсдзæн Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Хъæппæристæ

# Ивддзинæдтæ — партийы программæйы

**Партийы Сæрдар Дмитрий МЕДВЕДЕВ цы æмбырд сарæзта, уым æркастысты, "Иугонд Уæрæсе" адæмон программæмæ цы ивддзинæдтæ бахаста, уыдонмæ. Генсоветы нымæрдар Андрей ТУРЧАК, партион къамисты разамонджытæ, адæмон программæйы фæндæгты координатортæ, министрадты минæвæрттæ фехъусын кодтой, ахсджиаг документ цы фæндæттæй баххæст кæндзысты, уыдон.**

Дмитрий Медведев куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бæстæйы рæзты зын рæстæг "Иугонд Уæрæсе" граждæнтæн зæрдæ цы хъуыддæгтæй бавæрдта, уыдон дарддæр дæр æххæст кæндзæн адæмон программæмæ гæсгæ. "Программæ хъуамæ æрмæст рагагъоммæйы пълантæ ма нымайа, фæлæ хынца граждæнты цардæй равзæргæ æппæт домæнтæ дæр. "Иугонд Уæрæсе"-йы Уæрæсейы Федерацийы Хицауадимæ æмгуыстады фæрцы бюджеты ацы азмæ æвæрд æрцыдысты æппæт хъæугæ фæрæзтæ дæр. Мах уынæм, социалон хæстæ финансон фæрæзтæй æххæст кæнын цы зын уавæрты цæуы, экономикæйы рæзт хъæугæ инвестицитæй баххæст кæнын хуымæтæг кæй нæу, уый. Æппæт уыдæттæ "Иугонд Уæрæсе"-йæн баззайдзысты ахсджиагдæр хъуыддæгтæй", — бахахх кодта партийы Сæрдар.

Уый фæбæрæг кодта, зæгъгæ, "Иугонд Уæрæсе" 2022 азы адæмон программæйы архайд рахаста ног регионтæм — уым нырыдæгæн кусынц, бюджеты æхца æвæрд кæмæн æрцыд, ахæм цалдæр партион проекты. "Мах баныхас кодтам, адæмон программæмæ уæлæмхасæнтæ цæттæ кæнгæйæ, ног фæзуæтты райрæзтæн арæзт кæй æрцæудзæн сæрмагонд хайад.

Æппæты сæйрагдæр уый у, цæмæй, фæстаг дæс азы уæрæсейаг социалон стандартты цы нысан кодтам, уыдон æххæстæй хауой нæ бæстæйы ног граждæнтæм дæр", — бахахх кодта Дмитрий Медведев.

Адæмон программæйы ногдæр редакцимæ гæсгæ скъолаты хуызæн уырдæм хаст æрцæудзысты фæндæттæ колледжтæ æмæ техникумты бындурон цалцæджы программæ æххæст кæныны тыххæй. Парти Рухсады министрадимæ ацы аз скæндзæн инвентаризаци æппæт уагдæттæн дæр æмæ сæ бындурон цалцæгæн снысан кæндзæн фæрæзтæ 2024-2026 азты бюджеты.

Ноджы ма адæмон программæмæ фæндон хаст æрцыд бирæуæладзыгон хæдзæртты лифтытæ фæногдæр кæныны тыххæй æмæ регионтæн ахæм бар радтын, цæмæй, бындурон цалцæг кæнгæйæ, сæ бон уа скъолаты алыварс, стадионтæ æмæ спортивон фæзты арæзтады федералон бюджеты фæрæзтæй пайда кæнын.

Программон къамисы æмбырды бæрæггæнæнтæ бахынцгæйæ, Дмитрий Медведев бахæс кодта, цæмæй, "Иугонд Уæрæсе" адæмон программæ куыд æххæст кодта, уый бæрæггæнæнтæ хаст æрцæуой Президенты 2022 азы тыххæй раныхасмæ. Фæбæрæг кодта, зæгъгæ, фаронмæ парти цы хæстæ снысан кодта, уыдон æххæстгонд æрцыдысты 92 процентæй. Уымæй уæлдай ма бахæс кодта, цæмæй, программæ куыд æххæстгонд цæуы, уый æрвылквартæл бæрæг кæной министрадтæ æмæ ведомстæты разамонджытимæ.

"Адæмон программæ — уый æвзæрстыты агъоммæйы манифест нæу, уый у кусæг программæ. Æмæ хъуамæ уа актуалон", — загъта кæронбæттæны уый.

Партийы регионалон хайады нымæрдар, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** банысан кодта, зæгъгæ, республикæ æнтыстджынæй æххæст кæны "Иугонд Уæрæсе"-йы адæмон программæйы бирæ нысантæ. "Уыдонмæ хауынц скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты бындурон цалцæг, посты хайæдты модернизаци, социалон инфраструктурæйы объектты арæзтад æмæ рацарæзт, æхсæнадон бынæттæ æмæ хæдзæртты алыварс хæрзвадат кæнын, — фæбæлвырд кодта уый. — Хорз æнтыстдзинæдтимæ регионы цæуы социалон газуадзынад, уый дæр хауы адæмон программæмæ. 2022 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, дарддæр газуадзыны программæ мах сæххæст кодтам 100 процентæй. Цæгат Ирыстон график æххæст кæнынæй бахауд Уæрæсейы хуыздæр регионты номхыгъдмæ. Абоны онг хæдзæртты зæххы хæйтты арæнтæм газ уагъд æрцыд 1416-мæ, 713 хæдзары та пайда кæнынц газæй. Мах иудадзыг нæ цæст дарæм, адæмон программæйы объектты куыстытæ куыд цæуынц, уымæ. Алы æмвæзады депутаттæ, зæгъæн ис, æрвылбон дæр бæрæг кæнынц нысангонд хæсты хæрзхъæддзинад æмæ сæ сæххæсты æмгъуыдтæ", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.



Парти "Иугонд Уæрæсе"-йы адæмон программæйы 294 уагæвæрды сæххæст кæнын нысангонд цæуы 2021 азæй 2025 азмæ. Уыцы программæ саразынил архайдтой æппæт бæстæйы 2,5 милуан уæрæсейаджы. Регионты цæрджытæ сæ фæндæттæ æрвыстой онлайн хуызы, анкетæты, уыдон байдзаггæнæн уыд социалон уагдæтты æмæ кандидаттимæ фембæлдтыты. Цæгат Ирыстон арвыста 15 мин хъæппæрисæй фылдæр.

**САНАТЫ Альбинæ**

Ахадгæ мадзæлттæ

## Адæмы куырдиæттимæ куыст

**2022 азы Цæгат Ирыстоны Прокуратурæйы оргæнтæм республикæйы цæрджытæ барвыстой 15 мин алыхуызон куырдиат æмæ хъастæй фылдæр. Уый тыххæй фехъусын кодта ведомствæйы пресс-службæ.**

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, уыцы фыстæджытæй нырыдæгæн æркастæуыд 11 минмæ. Прокуратурæйы минæвæртты хатдзæгмæ гæсгæ, 1305 куырдиат æмæ хъастæн уыд æцæг бындур.

Уæдæ цæимæ баст уыдысты уыцы куырдиæттæ æмæ хъæстытæ? Адæм сæйрагдæр æргом здæхтой фæллойадон, цæрæнуатон, зæххы исбонад æмæ коммуналон лæггæдтимæ баст закъонæвæрынад халыны цаутæм.

Адæмы фыстæджытимæ куыстæй уæлдай, Прокуратурæйы республикон управлени æмæ бынæттон дæлхайæдты минæвæрттæ комкоммæ фембæлдтытæ дæр арæзтой республикæйы цæрджытимæ. Азы дæргъы ахæм фембæлдтытæм æрбацыдысты 3 мин адæймагæй фылдæр. Уыдоны рæстæг дæр адæм æххуыс агуырдтой сæ цæрæнуатон, фæллойадон, пенсион æмæ æндæр бартæ бахъахъхъæныны хъуыддаджы. Адæм цæстдарæг ведомствæйы специалистты 'ргом здæхтой социалон æххуысад æмæ цæрæнуатон-коммуналон комплексы лæггæдтимæ баст фарстатæм дæр. Ахæм фембæлдтытæм æрбацæуæг адæмæй алкæмæн дæр бæстон дзуапп лæвæрд æрцыд, уыимæ сын æмбæрстгонд æрцыдысты сæ бартæ дæр.

Рæстæгæй-рæстæгмæ Прокуратурæйы фæкусынц "комкоммæ бастдзинады" хæтæлтæ. Уыдоны фæрцы ведомствæмæ бадæттæн ис хъусынгæнинæгтæ адæмы бартæ æмæ закъонæвæрынады уагæвæрдтæ халыны цауты тыххæй. Зæгъæм, ныртæккæ Прокуратурæйы кусынц "комкоммæ бастдзинады" ахæм хæтæлтæ:

**газ æмæ донуадзæн, хъарм æмæ электрон тых дæттæн организациты куысты аиппыты фæдыл (ацы телефон кусы 2022-2023 азы хъармгæнæн рæстæджы æппæт æмгъуыды) — 8 (8672) 33-34-25;**

**сывæллоны райгуырдимæ баст æрвылмæйон пособи снысан кæнын æмæ йæ фидыны фæдыл (ацы телефон кусы 2023 азы 20 февралы онг) 8-988-876-64-12.**

**Нæ уацхæссæг**

Транспорты лæггæдтæ

# Ног автобустæ, ног маршруттæ

**65 автобусы бафтыд акционерон æхсæнад "Автоколоннæ — 1210"-ы паркыл, райстой сæ лизингмæ гæсгæ.**



Ацы мæйы райдайæнæй уыдонæй 14 ног фæткæвæрдмæ гæсгæ араст вæййынц Дзæуджыхъæуæй Алагирмæ.

Бæлццæтты нымæц æппæты фылдæр куы вæййы, уыцы рæстæг Сывæллæтты республикон рынчындоны разæй цæуынц, рейсыты 'хсæн 8 минуты æмгъуыдмæ, иннæ рæстæг та — куыд дзаг кæна автобус, уымæ гæсгæ, 20 минуты онг. Иу рейсæн, лæугæйæ цæуджыты нымæц хынцгæйæ, фадат ис 43 адæймаджы бынатмæ фæхæццæ кæнынæн.

Ныридæгæн ног автобус цæуын райдыдта Сырх-Дыгурмæ дæр.

Куыстуаты генералон директор **Хъараты Заурбег** куыд зæгъы, афтæмæй рæхджы фæзындзысты ног маршрутон рейситæ Цæгат Кавказы республикæты горæттæм, стæй Уæрæсейы иннæ регионтæм. Уыдонимæ — Ялтæ, Махачкала, Избербаш, Ереван, Грозна. Нырыдæгæн уал лизингæй ист автобустæ афæндараст вæййынц Астрæхæн æмæ Новороссийскмæ. Уæвгæ та, горæтты 'хсæн маршрутыл бæлццæтты ласдзæн 25 ног автобусы.

Сæ лæггæдтыл бафтыд ногдзинæдтæ: автобустæ ифтонггонд сты тахографтæй, валидатортæ æмæ терминалтæй. Сæ фæрцы бæрæггонд цæуынц шофырты куысты æмæ фæллад уадзыны рæстæг, бæлццæтты нымæц, стæй лæггæдтæн фидыны фарстатæ. Семæ куыд кусын хъæуы, уыдæттимæ бæлццæтты бынаты зонгæ кæнынц куыстуаты минæвæрттæ, автобусты мидæг уый фæдыл ис хъусынгæнинæгтæ.

Иу ногдзинадмæ ма æнхъæлмæ кæсынц: рæхджы сæ куысты фæзындзæн фæндаггаг фидыны иумæйаг системæ - картæтæ. Пайда дзы кæндзысты горæты транспорты алы хуызты.

Республикæйы Фæллой æмæ социалон рæзты министрад архайы, цæмæй уыдонæй пайда кæной льготон категоритæм хауæг граждæнтæ дæр. Картæты æддаг бакаст у зæрдæмæдзæугæ, сты ирон нывæфтыдтимæ.

Куыд нысан кæнынц, афтæмæй сæ райсæн уыдзæн Дзæуджыхъæу æмæ республикæйы районты социалон фæдзæхстады хайæдты.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Фембæлд

# Лæгдзинады урок

**Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон управленийы цур Цæгат Кавказы федералон зылды Æхсæнадон советы сæрдар Сихъоты Сослан "Лæгдзинады урок" радта Цæгат Ирыстоны мидхъуыддæгты оргæнты историйы музейы.**



**Ацы мадзал арæзт æрцыд Сталинград знæгтæй суæгъд кæныны 80 азы фæдыл.**

**Сихъоты Сослан йæ архайджытæн радзырдта, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дарддæры цыдыл бындуронæй цы цаутæ фæзындысты, уыдоны тыххæй. Уый куыд загъта, афтæмæй Сталинград у лæгдзинад æмæ хъæйтардзинады нысан.**



**"Мах стæм Уæлахизхæсджыты фæлтæр, нæ Райгуырæн бæстæйы хъæбатырдзинад Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи бахъахъхъæдта æмæ фашизм чи басаста, уыдон. Æмæ абон, нæ бæстæйы æнæхъæндзинад тæссаг уавæры куы ис, уæд хъуамæ цæттæ уæм йæ бахъахъхъæнынмæ, нæ фыдæлты сгуыхтдзинæдтæ дæнцæгæн хæсгæйæ", — загъта Сихъоты Сослан.**

***ГУГКАТЫ Жаннæ***

Профессион ахуырад

## Сбæрæг кодтой Уæрæсейы наукæйы бон

**Цæгат Ирыстоны медицинон колледжы ацыдис Уæрæсейы наукæйы боны кадæн наукон-практикон конференци.**

Колледжы директор **Реуазты Таймураз** йæ раныхасы куыд бацамыдта, афтæмæй наукæ кæддæриддæр уыдис экономикæйы рæзты ахъаззаг фæрæзы, паддзахады хъæздыгдзинады фидар бындур, адæмы цард хуыздæр кæныны ахадгæдæр мадзал.

Колледжы студенттæ æрмæст ахуыры, патриотон хъомылады, волонтерты змæлды не сты раппæлинаг, фæлæ ма разæнгардæй архайынц наукониртасæн куыстыты. Алы аз дæр ам ацæуынц наукон-практикон конференцитæ, уым студенттæ радзурынц, сæ наукон разамонджыты æххуысæй сæ къухы цавæр æнтыстытæ бафтыд афæдзы дæргъы, уыдæтты тыххæй.

Зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм уый, æмæ алы аз дæр 8 февралы Уæрæсейы наукон æхсæнад сбæрæг кæны нæ бæстæйы Наукæйы бон.

**Олег АПРЕЛЕВ**

Сфæлдыстадон цæдистæ

## Хайад байгом

**Дзæуджыхъæуы бæхты театр "Нарт"-ы байгом Уæрæсейы Театралон архайджыты цæдисы хайад.**

— Ногæй кæй сарæзтой æмæ иуæндæс адæймаджы кæм ис, уыцы хайады сæргъы æрлæууыд театры режиссер Валерий Попов, — загъта амынд цæдисы республикон хайады сæрдар **Гуыбиаты Хъазыбег**.

Уымæй уæлдай, цæдисмæ кæй райстой, уыцы адæмæн, стæй театрты



æмæ ансамбл "Алан"-ы кусджытæн Театралон архайджыты цæдисы хайады арæзт æмбырды рæстæг цæдисы уæнгты æвдисæндартæ радтой. Ансамблы æндæр кусджытæй æрбафтæг куырдиæттыл дæр æрныхас кæндзысты. Цæдисмæ ногæй бацæуæг адæмæн раарфæ кæнгæйæ, Гуыбийы-фырт куыд загъта, афтæмæй Театралон архайджыты цæдисы регионалон хайад нымад у Цæгат Кавказы федералон зылды æппæтæй стырдæртæй иуыл.

**Нæ уацхæссæг**



# ÆЛУТОН

“Æлутон”-ы фарс цæуын райдыдта 1999 азы 19 июны. № 615

Мифологон дзырдуат

## Дзамболат

Ирон адæмон сфæлдыстады афтæ хонынц Уастырджийы авд фырттæй иуы. Фæлæ ис таурæгъ "Лæджийы фырт Дзамболат" дæр. Лæджийы фырт Дзамболат уыд хорз цуанон. Иуахæмы, цуан кæнгæйæ, тар æхсæвы бирæгъы дзыхæй байсы хæйрæджы лæппуйы. Уый адыл æй хæйрæг ахоны сæхимæ, хæйрæджыты хæдзармæ. Рагацау æй бафæдзæхста "Тæрсгæ ма кæн æппындæр. Мæнæн ис бирæ файнустытæ æмæ бирæ тиутæ, фæцин дыл кæндзысты æхсæвбонмæ. Лæвæрттæ дын кæндзысты райсомæй, фæлæ-иу мацы баком æппындæр. Æрмæст дзур: "Мæхион — мæхи". Лæджийы фырт катайы бацыд: " Æз хæсгæ куы ницы акæнон, уæд цы уыдзæн "мæхион-мæхийæ"?

Фæлæ хæйрæджыты хæдзары йæ хъуыды аивта, уым бамбæрста: "Нæ фæллой хæйрæджыты къухы куы ис, æмæ йæ куыд нæ зонæм мах. "Нал" æмæ "нæй" цæмæй фæзæгъæм, уый хæйрæджыты хай куы кæны". Æмæ райсомæй куы сбон ис, цæуыны къахыл куы ныллæууыдис Дзамболат, уæд æм алыхуызон диссæгтæ лæвараæн хæссын куы райдыдтой, уæд фидарæй дзуры: "Мæхион — мæхи, æндæр мæ ницы хъæуы". Уæд хæйрæджыты æфсин йæхи нынкъард кодта, æмæ йæм цæуынц бинонтæ радыгай хатынмæ: " Радт Лæджийы фыртæн йæхион". Фæстагмæ сразы вæййы æмæ Дзамболатæн афтæ зæгъы: " Дæ бæркад мæ къухы ис, Лæджийы фырт, мæ чындз дын æй бацамыдта, бæлвырд, æндæра йæ ды цæмæй зыдтай. Абонæй фæстæмæ дæхи фæуæд дæ бæркад, æз дын æм ницыуал бар дарын".

Дзамболат сæхимæ куы æрцыд, уæд "мæхион — мæхи" цы у, уый бафæлварыны охыл йæ усмæ дзуры: "Тагъд кæрдзын ма скæн". Йæ ус ссад балуæрста арынджы, дон ыл ныккодта, æмæ хыссæ нал цæуы арынджы. Уæд Лæджийы фырт Дзамболат базыдта: "Мæ бæркад мæхи баци" Арвыста куыроймæ хор, æмæ йын йе ссадæн хæссынæн ницыуал фæрæзтой. Аходæнмæ-иу хуым куы бакодта, уæд ын дзы-иу афæдзы фаг хор æрзад. Лæджийы фырт Дзамболат у, хæйрæджытæм уазæгуаты чи уыд æмæ сын сæ сæйраг-дæр сусæгдзинад чи базыдта, уый.

## Дыгоппон

Ирон таурæгъмæ гæсгæ Дыгоппон раздæр уыд авд æфсымæры иунæг хо — саби чызг. Буцæй, зæрдæхъæлдзæг, уæнгрог æмæ рæвдыдæй рæзыд. Фæлæ йын цæрын бирæ нæ бантыст. Иу æнамонд бон кæрты хъазгæ-хъазын фæкалд, йæ сæр дуры тигъмæ бахаста, маргъау йæ тыбыртæ ацагъта æмæ йæ уд систа. Мад, фыд æмæ йæ авд æфсымæры цы фыд æрцыд, уый æвиппайды нæ бамбæрстой, стæй йæ куы банкъардтой, уæд сæхи марынмæ æрцыдысты, зæхх сын нæ урæдта сæ хъыг.

Фыдохы бон сæ "хуры тыныл" уæлмæрды сыджыт ныккалой, уый сæ бон нæ уыд, æмæ сæ кæуын, сæ еу-додой, марой арвы кæрæттæм хъуыст. Сыхъуыст уæларвмæ Хуыцаумæ дæр, сфæлмæцыд сæ дзыназынæй æмæ Уастырджийы рарвыста: ныццу æмæ базон, куыд сын фæрог кæнæм сæ рис. Уастырджи æртахт зæхмæ, уавæр федта æмæ Хуыцауы раз балæууыд. Загъта йын: " Зонын æй, дæ æвастæй дунейыл ницы цæуы, фæлæ æгæрон у сæ хъыг, сæ уарзон адæймаджы буар сыджыты бын фæкæной, уый ныфс æмæ сæм хъару нæй. Исты æрхъуыды кæн, дæ хорзæхæй". Уастырджийы лæгъстæ ныхас бахъардта Хуыцаумæ, æмæ авд æфсымæры иунæг хойы уд фестын кодта маргъ. Уæлмæрды мæрддзыгой адæмы раз йæ табæтæй стахт.

Адæмы сæрмæ цалдæр зылды æркодта æмæ йæ коцора фæпæлæхсаргæнгæ атахт. Маргъ та ахæм Дыгоппон, рæсугъд маргъ, æмæ æрдзы рæсугъд хуызтæ æрæмбырд кодта йæ систыл. Мæрддзыгой æмырæй, сабырæй аззад, стæй кæйдæр ныхас райхъуыст: "Уый йæ уд у, маргъ фестад æмæ атахт". Адæм сæ æгуыппæгæй феуæгъд сты, сæ рис фæрогдæр æмæ, ныхас кæцæй райхъуыст, уый алчидæр йæхимидæг агуырдта. Чызджы баныгæдтой. Æмæ уыцы бонæй фæстæмæ баззад ахæм хъуыды: рæзгæ чызг куы амæлы, уæд йæ уд фесты тæхгæ маргъ дыгоппон. Уалдзæджы-иу мæргътæ дард бæстæй тæхын куы райдыдтой, уæд-иу ахæм зианджын бинонтæ æнхъæлмæ кастысты сæ мард чызджы уды фæзындмæ. Хæдзармæ æввахс къалиуыл-иу дыгоппон куы абадт, уæд-иу ныййарæджы хъарæг дардмæ хъуыст, мæнæ нæм нæ зынгхуыст чызг дыгоппоны хуызы æртахт, зæгъгæ.



ЦГЪОЙТЫ Хазбийы чиныг “Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат”-æй

Рагзамантæ

## Ирон адæмы цардæй

**Ирон адæмы æхсæн фыццаг рæстæджыты дохтыртæ нæ уыдис. Адæймаг-иу куы фæрынчын, уæд-иу бинонтæ куывтой Хуыцаумæ, нæ рынчыны нын сдзæбæх кæн, зæгъгæ.**

Рынчын кодтой алы хæцгæ низтæй: тиф, хъуырниз æмæ æндæртæй. Æмæ-иу фæрсынмæ цыдысты къулбадæг усмæ, къамæйфæрсæгмæ, дæснымæ. Уыдон сын-иу алы фæлывд ныхæстæ кодтой. Дæсны-иу бацамыдта, зæгъæм: "Уæ рынчынæн ахæм æмæ ахæм дзуары аххос у, æмæ йын уыцы æмæ уыцы æхсæвмæ куывд скæнут. Бæгæны бахсидут, хуссары мæнæуы ссадæй чъиритæ скæнут. Стæй кусарт дæр агуры". Акастаид, æмæ, рынчыны хæдзар цæйбæрц мулчы хицау уыд, уымæ гæсгæ бацамыдтаид: хъæздыг хæдзарæн гал аргæвдын, мæгуырдæрæн нæл фыс, кæнæ æндæр исты.



Рынчыны бинонтæ амал кодтой, къуырма, къулбадæг ус, дæсны сын-иу цы бацамыдта, уый сæххæст кæнынæн. Сæ фосыл-иу хæлттæ æппæрстой, кæй хал схауа, уый нывонд фæуæд, зæгъгæ. Тиф нывæндты коммæ нæ кæсы, æмæ-иу мæгуыр рынчын хос кæнины фыдæй сæфтис, йæ низимæ-иу тухæнтæ кодта. Рынчыныл-иу æрæмбырд сты йæ хæстæджытæ. Алчидæр йæхицæн хæсыл нымадта рынчынмæ хæстæгдæр лæууын, бадын. Адæм куывтой Хуыцаумæ æмæ, къулбадæг ус æй цы дзуары аххос кодта, уымæ. Рынчыны цур цы адæм уыдис, уыдонæй-иу бирæтыл низ бахæцыд æмæ-иу дзы мæлгæ дæр акодтой.

Рынчыны низæй-иу бирæтæ фæрынчын сты, æмæ -иу загътой, уый Хуыцауы рауадзгæ у æмæ -иу куывдтæ кодтой. Æхсæв-бонмæ рынчыны раз бадтысты æмæ йæ хъæлдзæг дардтой. Дзуар зарын уарзы, зæгъгæ, хъуыды кодтой адæм. Рынчыны цур йе ‘мгæрттæй-иу æхсæв куы ничи фæбадтаид, уæд-иу æфсæрмы кодтой, худинаг у, зæгъгæ-иу загътой. Бадардтой йын-иу арахъ дæр æмæ-иу йæ уадултæ куы фæсырх сты, уæд цин кодтой, фæрæвдз, фæхуыздæр ис, зæгъгæ.



Ахæм низæй-иу чи фæрынчын, уыдонæй искуы иу йеддæмæ нæ ирвæзтис, уый дæр йæ туг тыхджын кæмæн уыд, ахæм. Сывæллæттыл рын куы сысты, уæд ирон адæм фæзæгъынц, дзуар у æмæ йын куывд кæнын хъæуы. Сывæллæттæ хъахъхъæд нæ вæййынц æмæ кæрæдзимæ кæй фæцæуынц, уымæ гæсгæ сыл бахæцы рын. Дзуарæй чи рафады, уый цур æвзæр ныхас нæ фæкæнынц. Рынчын сывæллоны раз зæронд устытæ табу фæкæнынц Алардыйæн "Табу, Аларды, табу! Дардмæ дæм кувдзыстæм, хæстæг нæм ма ‘рбацу". Фæлæ-иу рын сывæллæтты сæдæгæйттæй ахаста. Чи ма дзы-иу баззад, уыдоны тыххæй та куывдтæ кодтой. Æцæг Алардыйы кувæндон хъæумæ хæстæг нæ арæзтой. Афтæ æнхъæл уыдысты, цыма Алардыйы кувæндон хъæумæ хæстæг куы уа, уæд сывæллæтты арæхдæр мардзæн.

Тæфсæг та дзæбæх кодтой двайнойæ. Бирæ дзы-иу куы банызта рынчын, уæд йæ рыст нал æмбæрста æмæ-иу загъта, гъе ныр дзæбæх дæн, зæгъгæ. Тæфсæгæй рынчын-иу хъызт зымæг хъæмпдзæгæтты хуыссыди хурмæ æмæ-иу йæ низы тыхстæй хæрдмæ хаудта. Йæ дæндæгтæ кæмæн рыстысты, уымæн та-иу сæ сластой фидар бæхсныгæй.

Хосдзау-иу йæ къух куы алыг кодта, уæд ын йæ хъæдгомыл æвæрдтой алы кæрдæджыты сыфтæ æмæ хæлуарæджы тынтæ. Тугиу куы нæ урæдта, уæд дæр ыл хæлуарæджы тын æвæрдтой, кæнæ хæцъилы сыгъдон.

Цыбыр ныхасæй, дохтыртæ кæм нæ уыд, уым рынчыны дзæбæх кодтой æртæ чъирийæ æмæ æртæ суарийæ.

КЪАРДЖИАТЫ Бекызæйы чиныг "Ирон æгъдæуттæ"-йæ

Историйы сыфтæ

## Цы номæй дæм бадзурон?

**Адæймаг рухс дунемæ куы фæзыны, уæд ын радтынц ном. Уыцы номимæ адæймаг æмдзу кæны йæ царды кæронмæ. Куыд номæн, афтæ номæвæрды æгъдауæн дæр стыр кад ис рагзамантæй нырмæ. Фыдæлтæй нын цы нæмттæ баззад, уыдонæй бирæтæ рохуаты баззадысты. Дугивæнты аныгуылдысты æмæ сын сæ бынат бацахстой, нырыккон æхсæнады нæм алы бæстæтæй чи æрбафтыд, ахæмтæ. Нæ фыдæлты рагон нæмттæ ма искуы иухатт фехъусæм хистæртæй æмæ нæм диссаг фæкæсынц. Фæлæ нæ рагфыдæлтæ хуымæтæджы нæмттæ не ‘вæрдтой. Алы ном дæр баст уыд цавæрдæр уæларвон тыхимæ, уырнынадимæ.**

Зæгъæм, **Куыдзыго, Куыдзын, Куыдзæг, Саукуыдз** — баст уыдысты хæдзарон цæрæгойы номимæ. Саби-иу куы райгуырд æмæ уайтагъд кæнæ цалдæр боны фæстæ амард, йæ фæстæ иннæтæ дæр, уæд-иу иннæ сывæллоныл уæлдæр амынд ном сæвæрдтой. Рагон адæмы уырныдтой алыхуызон æнæуынгæ тыхтæ æмæ сæ сабитæн мæлæтæй фервæзыны мадзалæн æвæрдтой ахæм нæмттæ. Фæлæ дуг дуджы ивы æмæ дзы ивддзинæдтæн æнæрцæугæ нæй.

Æркæсæм-ма, рагон нæмттæ æмæ нырыккontæм, се ‘хсæн цас хицæндзинад ис, уымæ.

**Нæлгоймаджы рагон ирон нæмттæ:** Тамби, Цызæби, Хъайти, Газакк, Хасæхъо, Хъасай, Малсæг, Сæхæм, Сталбег, Гæбыл, Седан, Хъамболат, Бачче, Уырыц, Гæгка, Хадзымæт, Мамсыр, Уæсмæн, Дæхцыхъо, Дзантемыр, Темболат, Уане, Уырысхан, Гаппо, Газджери, Гуыба, Дзаххотт, Писикъо, Дзабо, Зелим, Додти, Амырхан.

**Сылгоймаджы:**

Аминæт, Райсæ, Анисæ, Хъæстинæ, Гадизæт, Леска, Минæт, Мелек, Дзыллæ, Заретæ, Ханысиат, Серафин, Ханиффæ, Амагæ, Борæхан, Царицæ, Нагъуæ, Дофга, Динæ, Ксеня, Хуызæ, Милычкæ, Сæниат, Дзерассæ, Гуарæ (Куарæ), Гуассæ, Пæсæ, Тауырзæт, Мерет.

**Нырыккон нæмттæ:**

Дайанæ, Амилия, Рузаннæ, Аминæ, София, Изаурæ, Эландæ, Альянæ, Миланæ, Рукайя, Златæ, Венеция, Самирæ, Индианæ, Орнеллæ, Лилия;



Загир, Эмин, Камиль, Захар, Даниил, Рафаэль, Назар, Богдан æмæ æндæртæ. Æхсызгон у, ирон адæмы ‘хсæн нæртон нæмттæ арæхдæр æвæрын кæй райдыдтой, уый. Ирыстоны сарæх сты: Сосланитæ, Ацæмæзтæ, Батрадзтæ, Тотрадзтæ, Сæрмæттæ, Алантæ, Уырызмæгтæ. Нæхи нæртон нæмттæм кæй раздæхтысты ирон адæм, уый раппæлинаг хъуыддаг у. Афтæмæй та кæд нæхи хицæн нæмттæ раздæхиккой æмæ сæ бынат ссариккой. Кæддæры хуызæн та сын нæртон куывдтæ кæниккой.

Аллон-Биллон

Æмбисонды хабæрттæ

## Сæтти æмæ Бæтти

Сæтти æмæ Бæтти дыууæ сыхаджы уыдысты. Сæтти — магусайæ цæлуарзаг, Бæтти та — уæззау куыстæй дзæгъæлгуыстгæнæг. Сæттийæн уыд сахъари хæдзар, Бæттийæн та — кауын хæдзар. Сæттийæн йæ ис, йæ бис — иу зæронд куыдз, Бæттийæн та — иу уасаг гæды. Сæтти — даргъ лæг, Бæтти — цыбыр лæг. Сæттийыл — къогъодзитæ, Бæттийыл — æрчъитæ. Сæ райгуырынæй сæ амæлынмæ хицæн нæ кодтой, афтæмæй та иумæ æнцад цæрын нæ зыдтой. Сæтти Бæттийыл худти, Бæтти — Сæттийыл. Иу иннæмæй адæмæн æмбисæндтæ хаста.



Иуахæмы та сæ мыды къæм бахауд, бустæ кæнынц кæрæдзийæн.

Сæтти фыс фæтæры базармæ, Бæтти йæ фæрсы:

— Кæдæм скъæрыс уыцы гуымыдза сæгъы?

— Куырм бадæ, фыс у, æмæ йæ дæ хистмæ кæнын.

— Уынын, фыс кæй у, уый, æмæ йæ фæрсын: кæдæм скъæры дæу — сæгъы мыггаджы, — дзуапп радта Бæтти.

## Сæтти æмæ йæ хæстæджытæ

**Сæтти! Дæ каистæм ма нæ сиахсыцыды акæн! — дзурынц æм йæ лымæнтæ.**

**— Ард уæ хæдзарыл æрцæуæд, куы нæ мæ акæнат! Æз мæхæдæг мæнæ мæстæй мæлын, сымах та мын мæ мастыл цæхх кæнут!**

**— Ау, цы кодтай, æгæр рæсугъд чызг ракуырдтай?**

**— Цы кодтон, уый уын зæгъон: фæхудинаг дæн, мæ усы мын байстой мæ каистæ, нал мын æй дæттынц.**

**— Куыд, уый та?**

**— Лыстæг æркастысты, фæфарстой æмæ афтæ зæгъынц, дæ фыдæн, дам, йæ мады фыды фыды мады фыд кæвдæсард хæрæфырт уыди.**

## Дыууæ уазæджы

Сæтти æмæ Бæтти уыдысты уазæгуаты, æмæ сын хæрды фæстæ къусты бас æрæвæрдтой.

Сæтти тæвд бас ахуыпп кодта, бас æй басыгъта, æмæ йæ цæстытæ цармæ ныццавта. Уæд æй Бæтти фæрсы:

— Цы дыл æрцыди, Сæтти?

Уый йæм дзуры:

— Мæ хæрæджы уæззау рынчынæй ныууагътон, æмæ йæм мæ зæрдæ æхсайы.

Бæтти дæр басæй хорз ныххуыпп кодта, бас æй басыгъта, æмæ уый дæр йæ цæстытæ царыл авæрдта.

Уæд æй Сæтти фæрсы:

— Ды та цы кодтай?

— Дæ хæрæджы уасын мæм æрыхъуыстис, æмæ уымæ хъусын.

Æвзаджы къæбицæй

## Цыргъзонд кæм не стæм

***Исчи дæ къæдзæх куы схона, уæд æй ды та хох схон.***

* * *

*Чидæр, дам, рухсы тыххæй йæ хæдзары сæр систа.*

* * *

***Хæрæг хос кæнынмæ фæцыд æмæ йæхи сæр дæр нал æрхаста.***

* * *

*Чидæр хъыбылы нæ фæрæзта æмæ ма дзæргъы дæр йе ‘ккой скодта.*

* * *

***Мæ мыд ын доны ад дæр нæ кæны.***

* * *

*Хорз ныхас зæрдæйы уидæгтæ уадзы, æвзæр та сæ къахгæ кæны.*

* * *

***Амондджын æфсинæн йæ уасæг дæр æфтауы.***

* * *

*Фистæгыл худыны бæсты бæхджыныл бахуд.*

* * *

***Карк дон куы фæнуазы, уæддæр ма Хуыцаумæ скæсы.***

Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ



Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Сæхи равдыстой сæрæнæй

**Алагиры Спортивон галуаны 3-4 февралы грекъаг-ромаг æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгæтты (16 азы онг) 'хсæн.**

Хъæбысхæсты дыууæ хуызæй дæр нæ æрыгон богæлттæ сæхи равдыстой сæрæнæй æмæ спортуарзджыты бауырнын кодтой, нæ спортивон хъæбысхæстæн хорз фидæн кæй уыдзæн, ууыл.

Грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй 1-аг бынæттæ бацахстой: 32 кг — **Амин Баркинхоев** (Донгæрон), 35 кг — **Давид Овсепян** (Дзæуджыхъæу), 38 кг — **Ринат Казанов** (Дзæуджыхъæу), 41 кг — **Хъуысаты Тимур** (Дзæуджыхъæу), 44 кг **Рубен Арутюнян** (Хуссайраг поселок), 48 кг — **Цæллагты Алихан** (Дзæуджыхъæу), 52 кг — **Мæргъиты Марат** (Октябрыхъæу), 57 кг — **Мамиаты Гермæн** (Октябрыхъæу), 62 кг — **Кодзырты Марк** (Дзæуджыхъæу), 68 кг — **Булацаты Зауырбег** (Балта), 75 кг — **Саид Айдинов** (Дзæуджыхъæу), 85 кг — **Габеты Артур** (Хуссайраг поселок), 92 кг — **Цопанаты Хетæг** (Хуссайраг поселок), 100 кг — **Артур Рубштейн** (Хуссайраг поселок), 110 кг — **Григорий Бутхудзе** (Балта).

Уæгъдибар хъæбысхæстæй ерысты 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 35 кг — **Тотраты Азæмæт** (Октябрыхъæу), 38 кг — **Галуанты Арсæмæг** (РХИ), 41 кг — **Джабраил Вердиев** (Октябрыхъæу), 44 кг — **Адзиты Арсен** (Æрыдоны район), 52 кг — **Лæгкуты Артур** (Таймазты 'фсымæрты Клуб), 48 кг — **Дзаттиаты Альберт** (Горæтгæрон район), 57 кг — **Болататы Георги** (РДЮСШ), 62 кг — **Зæнджиаты Исæ** (Æрыдоны район, Таймазты 'фсымæрты Клуб), 68 кг — **Хъызынты Зауыр** (Æрæфы район), 75 кг — **Тыджыты Алан** (РДЮСШ, Таймазты 'фсымæрты Клуб), 85 кг — **Кодзаты Сæрмæт** (Рахизфарсы район, Таймазты 'фсымæрты Клуб), 100 кг — **Кодзасты Давид** (Андиаты Сосланы скъола).



Уæззау атлетикæ

# Зæринæйы ног рекорд

**Ацы бонты Грознайы уæззау атлетикæйæ цæуынц Уæрæсейы Кубок рамбулыныл ерыстæ.**

Ирыстоны минæвæрттæ ацы бæрнон ерысты архайынц æхсæрдæсæй. Фыццаг бон сылгоймæгты ерысты архайдта Уæрæсейы сгуыхт тренер **Золойты Хъазыбеджы** хъомылгæнинаг **Гусалты Зæринæ**. Нæ 18-аздзыд чызгæн ныридæгæн бантыст къорд сгуыхтдзинады. Зæринæ афæдзы размæ фæсивæды 'хсæн сси Уæрæсе, Европæ æмæ дунейы 1-аг бынат бацахсæг. Хистæр спортсментимæ ерыс кæнгæйæ та ссис Уæрæсейы Кубок рамбулæг. Ивгъуыд аз Зæринæ Уæрæсейы тыхджындæр спортсменты спартакиадæйы архайгæйæ дæр йæ разæй никæй ауагъта æмæ 71 кг онг уæзы ссис уæлахиздзау.

Ныр Грознайы, 71 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ Зæринæ æрмæст уæлахиз нæ фæцис, фæлæ ма фæфылдæр кодта Уæрæсейы рекорд, дыууæ хуызы исгæйæ. Гусалонæн фыццаг хуызы уыциу ист скæнын бантыст 107 кг, йæ риуæй та сысхуыста 127 кг. Афтæмæй дывæрæй равдыста 234 кг. Уый у Уæрæсейы ног рекорд. 18-аздзыдæй ахæм уæз сисын кæй бантыст Зæринæйæн, уый уыл дзурæг у, æмæ, фæстæдæр ацы рекорд йæ сæвæрæг зынгæ кæй фæфылдæр кæндзæн.

Нæ арфæтæ Гусалты Зæринæ æмæ Золойты Хъазыбегæн!

Ерысты ма архайынц нæ иннæ сæрæн чызджытæ **Челæхсаты Мæдинæ** æмæ **Соттиты Янæ**. Уыдоны æмæ нæ нæлгоймаг штангисттæ цавæр бæрæггæнæнтæ равдисдзысты, уый тыххæй бакæсдзыстут нæ газеты иннæ номыры.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Барадон фæтк

## Цæстфæлдахæн ми

***Æвæджиауы сыгъзæрин къухдарæн рауæй кæныны æфсонæй цæстфæлдахджытæ дзæуджыхъæуккаг нæлгоймагæй æхца расайдтой.***

Уарзæтты боны кадæн нæлгоймаг йæ уарзон чызгæн сыгъзæрин къухдарæн балхæныны фæнд скодта. Нæлгоймаг йе 'ргом аздæхта социалон хызæг "Æмкъласонтæ"-йы æвæрд æвæджиауы ювелирон рæсугъдгæнæнтæ уæй кæныны тыххæй хъусынгæнинагмæ. Усгур дуканийы фарсыл равзæрста 80 мин сомы аргъ къухдарæн.

Уæйгæнæджы куырдиат æххæст кæнгæйæ, æлхæнæг аивгæнæны аргъ рагацау æххæстæй бафыста, фæлæ йæм ныхасгонд афоныл къухдарæн не 'рбахæццæ. Дуканийы фарс социалон хызæджы кæй фесæфт, уый нымайгæйæ, æлхæнæгæн уæйгæнæгмæ фæдзурыны фадат нал уыд. Амынд цауыл уголовон кодексы 159 статьямæ ("Цæстфæлдахæн ми") гæсгæ сарæзтой уголовон хъуыддаг.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Хъомылад

# Мадæлон æвзаджы бон 26-æм скъолайы

**Мадæлон æвзæгты дунеон боны кадæн Дзæуджыхъæуы 28-æм астæуккаг скъолайы ахуыргæнджытæ æмæ скъоладзаутæн фембæлд уыд зындгонд фыссæг, поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат ДЗАСОХТЫ Музафер æмæ газет "Рæстдзинад"-ы сæрмагонд уацхæссæг, УФ-йы Журналисттæ æмæ Фысджыты цæдисты уæнг, публицист ГАСАНТЫ Валериимæ.**

Фембæлд рауад иттæг зæрдæмæдзæугæ. Мадæлон æвзаджы ахадындзинад æмæ йæ зонынæн, адæмы царды цы нысан ис, адæмыхаттæн йæ культурæ æмæ зондахаст, миддунейы рæзæнтæ сæйрагдæр ацы хорзæхтыл кæй æнцой кæнынц, уый тыххæй фæсивæдæн бæлвырд радзырдтой Дзасохты Музафер æмæ Гасанты Валери. Бакастысты сæхи æмæ зындгонд ирон поэтты æмдзæвгæтæ ирон æвзаджы тыххæй.

Уазджыты зæрдæтæ та сæ аив зарджытæ æмæ фæндыры зæрдæагайгæ цагъдæй барухс кодтой скъолайы хихъæппæрисадон къорды архайджытæ.

— Ахæм фембæлдтытæ не скъолайы иудадзыгдæр аразын фæнд кæнæм. Рæстæгæй-рæстæгмæ нæ ахуырдзаутæм уазæгуаты æрбацæуынц нæ республикæйы аивады дæснытæ. Мадæлон æвзаг зонын, æмæ йæ фæлтæртæм цы хуызы хæссын хъæуы, уый, махмæ гæсгæ, фыссæгæй хуыздæр ничи æмбары, æмæ нæ бафæндыд ацы фембæлд нæ дзырдаивады зындгонд дæснытимæ саразын. Фидæны дæр нæ ахуыргæнинæгты удтæм удхъомысы хæрзтæ хæссыныл архайдзыстæм, — загъта йæ арфæйы ныхасы 28-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Хабæты Светланæ.**

**СОЛТАНАТЫ Анвар**

Аивад

# Дарья Орловайы æрмдзæф

**Мæскуыйаг нывгæнæг Дарья ОРЛОВА арæх вæййы балцы нæ республикæйы. Йæ лæг у ирон лæппу. Дарья цымыдисæй зонгæ кæны не 'гъдæуттимæ, нæ цардыуагимæ, культурæ æмæ аивадимæ.**



Сфæнд кодта Нарты кадджытимæ бæстон базонгæ уæвын. Йæхæдæг куыд зæгъы, афтæмæй уыцы адæмон сфæлдыстад æвæрд у дунейы хуыздæр æмæ зындгонддæр эпосты æмрæнхъ, стыр дисы æфтауы адæймаджы. Уыимæ, нырыккон нывтæ Нарты кадджыты темæтыл бирæ нæй, уымæ гæсгæ Дарья сфæнд кодта уыцы цух сæххæст кæнын æмæ ног нывтæ саразын. Уæлдай тынгдæр йæ зæрдæмæ цæуы Нарты Сатанайы фæлгонц: "Уый у диссаджы сылгоймаг. Кадджыты мидæг чи амæлы, чи фесæфы, чи зын уавæры бахауы, фæлæ алы хатт дæр кадимæ рацæуы къуырцдзæвæнæй, иттæг хорз сарæхсы".

Дарья ма фæнд кæны Нарты кадджытæ искуы йæхи конд нывтæ æмæ фиппаинæгтимæ рауадзын, уый фæстæ та — ирон культурæйы дзырдуат дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Хуссар Ирыстон — Уæрæсе

# Сæн æмæ карз нозт

**2021 азимæ абаргæйæ, Хуссар Ирыстон уæрæсейаг регионтæм ивгъуыд азы сæн ауæй кодта 2,5 хатты фылдæр.**

Ахæм нымæцтæ журналисттæн фехъусын кодта республикæйы Таможняйы комитеты сæрдар **Цхуырбаты Мурат.**

Комитеты разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, 250 процентæй фылдæр бафтыд, Хуссар Ирыстон Уæрæсемæ цы коньяк æрвиты, уый бæрцытыл дæр.

"2022 азы дæргъы Хуссар Ирыстонæй уæрæсейаг регионтæм уæймæ аластой 2,9 милуан литры сæн (2021 азимæ абаргæйæ, уый у 141 проценты фылдæр). Бæлвырд бæрцытæй 2021 азы бæрæггæнæнтæ уыдысты 1,2 милуан литры", — бафиппайдта Мурат.

Комитеты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Уæрæсемæ сæн æмæ карз нозт чи æрвиты, уыцы куыстуæттæн сæ егъаудæр у "Иронсæн".

**("ТАСС")**

Истори

# РЦИ-Аланийы автономийы 100 азы бонмæ

**13 февралы нæ республикæйы Национ музейы фыццаг хатт равдисдзысты документалон кинонывы "Стыр фæндаджы къæпхæнтæ".**



Кинонывы дзуры Цæгат Ирыстоны автономийы сæдæ азы тыххæй. Йæ сæйраг хъуыды у нæ республикæйæн Уæрæсеимæ фидар æнусон иудзинад. Æвдыст дзы цæуы нæ адæмы хъæздыг, алывæрсыг культурæ, нæ æхсæнадон æмæ политикон, социалон-экономикон цардыуаг æнæхъæн æнусы дæргъы.

Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон фæрæзты комитеты пресс-службæ куыд фехъусын кодта, афтæмæй кинонывы дыккаг хай сисдзысты æмæ телевизион компани "Осетия-Ирыстон"-ы равдисдзысты 2023 азы февралы.

**Нæ уацхæссæг**

# Дзырдбыд



## Дзуаппытæ 2 февралы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСÆРДÆМ: 2. Стай. 4. Асин. 8. Мæга. 10. Иран. 11. Рæтæнагъд. 12. Мыст. 14. Адæм. 17. Автобус. 19. Рыг. 20. ...æри... . 21. Байраг. 22. ... судзгæ... . 26. Ала. 27. Риу. 28. Сардзин. 29. Арæн. 32. Агат. 34. Ессентуки. 37. Æнус. 38. Неон. 39. Иссæ. 40. Край.**

**БЫНÆРДÆМ: 1. Гæды. 2. Сарт. 3. Аст. 5. Саг. 6. Нида. 7. Зарæ. 9. Ангола. 12. Морæ. 13. Сугъаратæ. 15. Дзæнгæрæг. 16. Маис. 17. Ацырухс. 18. Стадион. 23. Гага. 24. Медина. 25. Тутт. 30. Ронг. 31. Неси. 32. Аини. 33. Афон. 35. Сис. 36. Уыр.**

**ФÆРСÆРДÆМ:** 7. Мæнгагъуыст. 8. Хъалагъур. 9. Фосы къорд. 11. Нымæц. 12. Æхсыры продукт. 16. Бумбули. 17. Цæппæр. 18. Ирон адæмы рагон фыдæлтæй иуы ном. 21. Тугдадзин. 23. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 27. Курорт Сау денджызы был. 29. Хæдзары дзаума. 30. Министр советон рæстæджы. 31. Зондхъуаг. 35. Мыдыбындзыты продукт. 36. Сæрдæн æрмæг. 37. Æддагон. 38. Æнæсыкъа фос.

**БЫНÆРДÆМ:** 1. Æмдых. 2. Райсомы тæнæг мит. 3. Згъæр. 4. Къахы хай. 5. Нард, хæрзхуыз. 6. Н ы ф с д ж ы н , арæхстджын. 10. Адæмыхатт Уæрæсейы. 11. Тир. 13. Фæлладуадзæн хæдзар. 14. Æнæбар адæймаг. 15. Хъамаимæ гыццыл кард. 19. Рагон уырыссаг горæт Харьковмæ хæстæг. 20. Æхсыры продукт. 22. Мардæфснайæн бынат рагон Ирыстоны. 24. Æнтыд. 25. Сывæллон, кæугæйæ, фæкæны... . 26. Къахыдарæс. 28. Чысыл тугдзых цæрæгой. 31. Æнæзмæлгæ, æнæуынæр. 32. Тропикон быргæ зайæгой. 33. Æрдзон фæзынд. 34. Кусæндон.


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр**

уæ хоны йæ спектаклмæ
***18 февралы***
***"Къарол Лир" 14 +***
*Уильям Шекспиры трагедимæ гæсгæ*
*Режиссер-æвæрæг — РЦИ-Алани æмæ Кæсæг-Балхъары республикæйы сгуыхт артист — **Уалыты Гиви.***
*Сценариты нывгæнæг — **Уалыты Ларисæ***
*Уæлæдарæсы аивгæнæг — **Каринæ Автандилова***
*Музыкалон фæлгонц — **Ольгæ Шайдулина***
*Райдайæн 18.00 сахатыл.*
Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.
**Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонæй: 55-14-68.**
*Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.*
*Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.*


Гасанты Солтан, Валери æмæ Ларисæ хъыгзæрдæйы тæфæрфæс кæнынц Адырхаты Амырханы фырттæ Тимур æмæ Вадимæн, сæ мад
**АДЫРХАТЫ-ГАГКАЙТЫ**
**Аслæнбеджы чызг Фатимæ**
кæй амард, уый фæдыл.


**ХЪУСЫНГÆНИНАГ**
**Хъолайы цъитийы бæллæхы зиан баййафæг бинонтæн арæзт æрцыд æххуыс кæныны фонд. 17 февралы, 18 сахатыл комитеты уæнгтæн уыдзæн иумæйаг æмбырд ахæм адрисыл: Интернационалон уынг 93-æм æхсæнадон хæдзар. Алкæмæ дæр хъуамæ уа паспорт. Уæ фарстытимæ бадзурæн ис тел.: 8-919-423-43-20.**



Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**



"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацицы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3451.
Заказ № 149.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru